



**Consumer and
Worker Protection**

**DEPARTMENT OF CONSUMER AND
WORKER PROTECTION (DCWP)
LICENSING CENTER**
42 Broadway, Lobby
New York, NY 10004

SANT SIPÒ TI BIZNIS NYC
90-27 Sutphin Blvd, 4th Floor
Jamaica, NY 11435

GID EGZAMINASYON MODÈNIZASYON KAY

Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) bay tout konpayi renovasyon lojman ansanm moun patikilye k nap fè travay renovasyon ki respekte nòm yo lisans. Pou w kapab benefisye yon lisans pou kontraktè, ou dwe pase yon egzamen DCWP bay k ap gade nan ki nivo ou konprann lalwa. Gid sa a ap ede ou prepare egzamen sa a, men li pa gen tout lwa ak règleman ou dwe respekte yo. Detantè lisans lan dwe respekte tout lwa ak règleman yo, tankou Lwa Pwoteksyon Konsomatè a. Pou jwenn aksè nan lwa epi règleman yo, ale gade nan nyc.gov/BusinessToolbox.

Egzamen an gen ladan li:

- I. Lwa Debaz Vil lan sou Konpayi Renovasyon Kay yo
- II. Anilasyon Kontra
- III. Metòd pou fè Piblisite ak Lavant
- IV. Konesans Jeneral sou Sektè a ak Mache yo

Akwonim

DOB	Department of Buildings
DCWP	Department of Consumer and Worker Protection
DOT	Department of Transportation

I. Lwa Debaz Vil lan sou Konpayi Renovasyon Kay yo

Kisa “renovasyon kay” ye?

Renovasyon kay vle di konstriksyon, reparasyon, chajman, remaniman, modifikasyon, transfòmasyon, restorasyon, renovasyon, modènizasyon, amelyorasyon, oswa adisyon sou nenpòt teren oswa bilding oswa nenpòt pati sou yon tere oswa bilding y ap itilize oswa kreye pou itilize antanke rezidans oswa kote pou moun viv, tankou sousòl, antre yo, kloti, garaj, espas pou jaden, patios, galeri, twotwa, pisin, ak teras. Renovasyon kay gen ladan li, pami anpil lòt bagay, enstalasyon:

- Chofaj/klimatizasyon
- Sistèm santral aspiratè pou netwayaj
- Fenèt kont siklòn
- Tant (Ovan)
- Sistèm kominikasyon

Kisa ki pa konsidere "renovasyon kay"?

Men kèk egzanzp bagay yo pa konsidere nan "renovasyon kay"?

- Konstriksyon yon nouvo kay oswa bilding
- Vann pwodwi oswa materyèl kote vandè a pa ni fè aranjman oswa patisipe nan enstalasyon ak tranfòmasyon pwodwi oswa materyèl sa yo
- Travay Eta a oswa meri a ap fè oswa kontwole ansanm
- Pentire oswa dekore yon bilding, rezidans, kay, oswa apatman nan moman yo pa bay okenn lòt sèvis renovasyon pou kay

Kiyès ki yon "kontraktè"?

Yon kontraktè se nenpòt moun ki posede, administre, jere, fè, kontwole, oswa dirije yon konpayi amelyorasyon kay, angaje oswa aksepte fè nenpòt renovasyon nan kay, oswa mande yon kontra renovasyon kay, kit kontraktè a se yon kontraktè prensipal oswa yon kontraktè nan dezyèm nivo. Yon kontraktè kapab se yon moun, yon ajans, yon konpayi, yon patenarya oswa yon òganizasyon.

Kisa yon "kontra renovasyon kay" ye?

Yon "kontra renovasyon kay" se yon agajman, kit se alekri oswa nan bouch, ant yon kontratè ak yon pwopriyetè oswa lokatè pou pou fè renovasyon nan yon kay epi genyen tout mendèv yo ladan li, sèvis ak materyèl ki pou bay ak pou fè.

Kiyès ki dwe genyen yon lisans DCWP?

Nenpòt moun ki mande, fè demach, vann, fè, oswa jwenn yon kontra renovasyon kay antanke kontratè dwe genyen yon lisans DCWP.

Lwa Rejyonal 31 nan 2020 te anile egzijans lisans pou Home Improvement Salespersons, moun ki mande oswa negosye kontra sou non kontraktè yo. Apatide dat 9 dawou 2020 an, DCWP pa bay Vandè Modènizasyon Kay yo lisans ankò.

Kiyès ki pa gen bezwen yon lisans DCWP?

Moun sa yo pa oblije gen yon lisans DCWP:

- Yon moun k ap travay pou kontratè a, tankou yon vandè
- Yon moun k ap fè yon travay renovasyon kay, ki koute mwens pase \$200
- Plonbye ak elektrikyen k ap fonksyone nan kad aktivite pwofesyonèl yo
- Achitèk ak enjenyè k ap fonksyone sèlman nan kad yon achitèk ak enjenyè

Ki kote mwen dwe afiche lisans Home Improvement Contractor mwen an?

Ou dwe afiche lisans ou an nan biwo ou kote tout konsomatè (kliyan) yo kapab wè li oswa montre konsomatè yo li si yo mande sa.

Kisa mwen dwe fè nan ka kote mwen chanje non konpayi a, chanje adrès konpayi a, oswa chanje mèt (administrasyon)?

Omwen 10 jou avan w fè chanjman non oswa adrès konpayi ou an, ou dwe avèti DCWP sa.

Ou dwe avèti DCWP sa davans pou w kapab jwenn apwobasyon pou fè chanjman mèt (administrasyon).

Kijan yon moun ka jwenn yon lisans oswa renouvle yon lisans?

Ou dwe soumèt yon aplikasyon bay DCWP pou yon nouvo oswa renouvèlman lisans. Ou oblije gen yon lisans Home Improvement Contractor separe pou chak kote konpayi a ye.

Ou kapab aplike pou yon nouvo lisans:

- An pèsòn, sèlman pou randevou nan DCWP Licensing Center (42 Broadway, New York, NY 10004) oswa NYC Small Business Support Center (90-27 Sutphin Blvd., 4th Floor, Jamaica, NY 11435) OSWA
- Anliy nan nyc.gov/BusinessToolbox

Apeprè twa mwa avan lisans ou an ekspire, DCWP ap voyeyon kourye lapòs pou ou ki gen yon pakè renouvèlman lisans. Ou kapab renouvle nan kourye lapòs, an pèsòn nan DCWP Licensing Center oswa NYC Small Business Support Center, oswa anliy nan nyc.gov/BusinessToolbox.

Ki devwa ak responsabilite yon kontratè prensipal genyen?

1. Kontratè prensipal lan dwe gen tout pèmi, lisans, Sètifika Konfòmite oswa Dispans ki nesèsè yo pou konplete kontra a dapre lwa konstriksyon eta a ak rejyonal yo.
2. Chak Antreprenè Modènizasyon Kay dwe gen kopi kontra yo, rejis kontab yo, ansanm ak lòt dosye ki montre tout tranzaksyon ki gen rapò ak konayi renovasyon kay lan pandan sis (6) lane oswa pandan tout peryòd garanti kontra a, selon peryòd ki pi long lan.
3. Home improvement contractor lan dwe itilize tout lajan li gen nan men li a pou peye depans ki gen rapò dirèk ak renovasyon kay lan. Kontraktè a pa gen dwa itilize lajan li gen nan men li a pou lòt bagay ki pa gen rapò ak renovasyon kay lan, sof si renovasyon kay lan fini epi tout depans ki gen rapò dirèk ak mendèv, materyèl, ak kontraktè ki nan dezyèm nivo ki gen rapò ak renovasyon kay lan fin touche.
4. Yo pa dwe fè okenn travay epi yo pa dwe peye okenn lajan jiska twa (3) jou peryòd anilasyon an.

Yon kontraktè pa kapab:

1. Abandone oswa pa fè travay li te dakò pou fè a.
2. Bay okenn deklarasyon ki fo nan moman l ap fè demann kontra renovasyon kay lan.
3. Fè fwod pandan w ap fè yon kontra, ipotèk, nòt bank, oswa lòt dokiman ki gen rapò ak tranzaksyon renovasyon kay.
4. Pibliye nenpòt piblisite ki gen fo deklarasyon, manti, oswa k ap twonpe moun.
5. Vyole lejislasyon bilding, sanitè, ensandi ak sante.
6. Pa avèti DCWP sou nenpòt chanjman pwopriyete (administrasyon), non konpayi, oswa adrès biznis lan.
7. Dirije konpayi renovasyon kay sou yon lòt non olye non konpayi oswa non komèsyal (Doing Business As, DBA) ki parèt sou lisans lan.
8. Aji antanke yon ajan, fè piblisite, fè pwomosyon, oswa fè aranjman pou prete lajan fè renovasyon oswa prete lajan renovasyon kay pou konsomatè a.

Èske yon kontraktè dwe bay yon konsomatè (kliyan) yon devi alekri?

Wi si kliyan an mande youn. Ou kapab mande yon frè rezonab pou devi a, men ou dwe di kliyan an ki kantite frè a ap ye avan ou bay devi a, epi ou dwe rantre ei bay eksplikasyon sou kantite lajan nan pri total ki prevwa pou kontra a fèt.

Ki sanksyon ki genyen pou fo deklarasyon oswa fwod?

Yon kontraktè ki bay manti gen posibilite pou peye yon amann sivil jiska \$500 pou chak fo deklarasyon separe.

Anplis, si yo jwenn gen bagay ki pa sa nan yon kontra ki fin siyen yo kapab anile epi san efè, epi yo kapab mande yon kontraktè pou li peye kliyan an yon lajan.

Ki sanksyon ki genyen si w ap dirije yon konpayi renovasyon ki pa gen lisans?

Tout moun ki genyen oswa ap dirije yon konpayi renovasyon ki pa gen lisans oswa aprè yo fin kanpe lisans lan oswa anile li yo kapab konsidere li koupab epi yo kapab pouswiv li epi gen posibilite pou pran jiska 6 mwa prizon epi/oswa \$1 000 kòm amann. Chak vyolasyon se yon enfraksyon separe.

Anplis, yo kapab rele yon moun devan tribinal epi peye amann jiska \$100 chak jou paske l ap travay san lisans oswa si li ede epi fè yon moun travay san lisans oswa konpayi.

Pou fini, DCWP kapab bloke (fèmen) epi konfiske (pran) zouti ak kamyon yo itilize nan kad travay renovasyon san lisans.

II. Anilasyon Kontra

Ki fòm yon kontra renovasyon kay dwe genyen?

Tout kontra renovasyon kay dwe fèt alekru epi chak moun ki enplike nan kontra a dwe siyen. Ou dwe bay kliyan an yon kopi kontra, konplè epi ki klè pou li nan menm moman n ap siyen an epi avan menm travay yo fini. Kontra a dwe fèt nan yon anglè ki senp, sof si gen yon lòt lang yo te itilize nan prezantasyon lavant aloral (pale), kontra a dwe fèt nan lang sa a epi nan lang anglè a tou.

Si kliyan an gen lòt travay li bezwen fè men ki pa te nan kontra lè yo t ap siyen an, kisa yon kliyan ta dwe fè menm?

Kontraktè a dwe bay yon modifikasyon alekri, ki rele òdonans chanjman, kliyan an ansanm ak kontraktè a dwe siyen.

Ki enfòmasyon yon kontra renovasyon kay dwe genyen?

1. Dat tranzaksyon an; non kontraktè a, adrès biwo a, nimewo telefòn ak nimewo lisans DCWP a.
2. Dat apeprè travay yo pral kòmanse epi ap fini nèt, tankou yon deklarasyon tout sa ki kapab modifye dat apeprè travay yo ap fini kit dat lan se yon dat ki fiks, yo prevwa.
3. Deskripsyon travay ki dwe fèt lan, materyèl pou yo bay, ansanm ak pri mendèv lan epi materyèl yo.
4. Avètisman yo bay mèt kay la si li mèt kay la pa peye kontraktè a oswa kontraktè dezyèm nivo a, kontraktè a oswa kontraktè dezyèm nivo a ka pote plent kont mèt kay la.
5. Notifikasyon yo bay mèt kay la kòmka kontraktè a oblije depoze tout peman li te resevwa anvan li fini oswa kontraktè a dwe afiche yon kosyon oswa yon kontra garanti ak mèt kay la ki garanti li pral retounen lajan oswa peman apwopriye an dapre kontra a.
6. Kalandriye peman ak travay/sèvis pou fè si kontra a se pa franch y ap peye li.
7. Nenpòt reprezantasyon piblisite, tankou frè, garanti, oswa asirans, dwe ekri byen klè.
8. Kontra a dwe enfòme konsomatè a kontraktè a pral bay yon Sètifika Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay (Certificate of Workers' Compensation Insurance) avan menm travay lan kòmanse.

9. Kontra a dwe enfòmè konsomatè a kontraktè a pral pran tout otorizasyon lwa rejyonal yo egzije.

10. Kontra a dwe gen deklarasyon sa a dirèkteman anwo liy siyati yo:

OU MENM, KI SE ACHTÈ A, KA ANILE TRANZAKSYON SA A NENPÒT LÈ ANVAN MINUI NAN TWAZYÈM JOU OUVRAB APRE DAT TRANZAKSYON SA A. GADE FÒM AVI POU ANILASYON KI TACHE A POU JWENN YON EKSPLIKASYON SOU DWA SA A.

Deklarasyon sa a dwe an **karaktè gra**, epi gwosè karaktè a dwe gen omwen 10 pwen.

Èske yon kontraktè dwe bay kliyan an yon Avi pou Anilasyon separe?

Wi. Nan menm moman kliyan an ap siyen kontra a, kontraktè a dwe ajoute de (2) kopi kontra siyen nan yon fòm separe, konplè ki rele "**Avi pou Anilasyon**". Mo ki nan fòm lan dwe an **karaktè gra**, epi gwosè karaktè a dwe gen omwen 10 pwen. Li dwe ann anglè epi nan nenpòt lòt lang negosyasyon kontra a te fèt epi ki gen eleman sa yo ladan li:

1. Non/adrès kontraktè a
2. Dat tranzaksyon
3. Jiska ki dat konsomatè a genyen pou li bay avètisman anilasyon EPI
4. Deklarasyon sa a dwe gen ladan li:

AVI POU ANILASYON

(RANTRE DAT TRANZAKSYON AN)

OU KA ANILE TRANZAKSYON SA A, SAN OKENN SANKSYON OSWA OBLIGASYON, NAN ESPAS TWA (3) JOU OUVRAB APATI DAT KI ANWO A.

SI OU ANILE LI, YO AP REMÈT NENPÒT PWOPRIYETE OU VANN, NENPÒT PEMAN OU FÈ NAN KAD KONTRA A OSWA LAVANT LAN, AK NENPÒT DOKIMAN KI NEGOSYAB OU SIYEN NAN 10 JOU OUVRAB OPLITA APRE VANDÈ A FIN RESEVWA AVI POU ANILASYON OU AN, EPI YO AP ANILE NENPÒT GARANTI KI SOTI NAN TRANZAKSYON AN.

SI OU ANILE LI, OU DWE METE DISPONIB POU VANDÈ KI NAN REZIDANS OU AN NENPÒT PWODUI YO LIVRE BA OU NAN KAD KONTRA OSWA LAVANT SA A AN BON ETA MENM JAN LÈ OU TE RESEVWA YO A; OSWA OU KA SI OU VLE, RESPEKTE ENSTRIKSYON VANDÈ A POU LI PEYE FRÈ AK PRAN RISK POU W VOYE PWODUI YO RETOUNEN.

SI OU METE PWODUI YO DISPONIB POU VANDÈ A EPI VANDÈ A PA VIN PRAN YO NAN ESPAS 20 JOU APRE DAT AVI POU ANILASYON OU AN, OU KA KENBE OSWA JETE PWODUI YO SAN OKENN LÒT OBLIGASYON. SI OU PA RANN

PWODUI YO DISPONIB POU VANDÈ A, OSWA SI OU DAKÒ POU REMÈT VANDÈ A PWODUI YO EPI OU PA FÈ SA, DONK OU RESPONSAB POU EGZEKITE TOUT OBLIGASYON YO NAN KAD KONTRA A.

POU ANILE TRANZAKSYON SA A, VOYE YON KOURYE PA LAPÒS OSWA LIVRE YON KOPI AVÈTISMAN ANILASYON SA A SIYEN EPI AK DAT SOU LI OSWA NENPÒT LÒT AVÈTISMAN ALEKRI [NON VANDÈ A] NAN [ADRÈS KONPAYI VANDÈ A] POU PITA MINWI [DAT] _____.

MWEN ANILE TRANZASYON SA A.

Siyati Konsomatè a/Achtè a, Non an lèt detache, epi Dat)

Èske yon kontraktè dwe enfòmè konsomatè a aloral (nan bouch) dwa konsomatè a genyen pou li anile?

Wi. Yon kontraktè we di konsomatè nan moman y apsiyen kontra konsènan dwa li genyen pou li anile kontra renovasyon kay nan espas twa (3) jou ouvrab oplita apati dat kontra a.

Kisa k ap pase si yon kontraktè pa respekte dispozisyon ki mande yon avètisman aloral (nan bouch) epi alekri konsènan dwa konsomatè a genyen pou li anile?

Depi kontraktè a pa respekte egzijans notifikasyon aloral epi alekri konsènan dwa konsomatè a genyen pou li anile, konsomatè a kapab anile kontra a.

Kisa yon kontraktè ta dwe fè si yon konsomatè vle anile kontra a?

Kontraktè a ta dwe onore tout avètisman anilasyon valid epi dwe fè sa nan espas 10 jou ouvrab:

1. Ranbouse tout peman ki te fèt nan kad kontra a.
2. Anile epi ranbouse tout lajan yo te bay pou kontra a.
3. Kanpe tout garanti sekirite. EPI
4. Enfòmè konsomatè a volonte kontraktè a pou li reprann oswa abandone tout materyèl li te anbake/livre.

III. Metòd pou fè Piblisite ak Lavant

Règ sa yo se prensip debaz pou fè piblisite sou travay renovasyon kay:

1. Tout piblisite ak dokimantasyon komèsyal yo dwe genyen nimewo lisans CWP Home Improvement Contractor.
2. Pri ak deskripsyon ki pibliye yo pa dwe defòmè oswa ap twonpe moun.
3. Tit yo pa dwe gen eleman ki demezire oswa ki defòmè.

4. Yon deklarasyon "òf espesyal" pa kapab fè moun konprann pri ki afiche a se pri y ap van li a.
5. Deskripsyon ak reprezantasyon atik oswa òf yo pibliye yo dwe reprezante pwodwi a egzak tankou dimansyon, kalite, kantite ak konsepsyon.
6. Nenpòt deskripsyon y ap bay sou materyèl yo dwe egzak.
7. Lè yo gen pri oswa kredi, yo dwe dekri sa y ap ofri a byen.
8. Si w gen pou w peye pou enstalasyon an, yo dwe tou di sa nan piblisite a.
9. Ou pa kapab make tankou "Factory to you" (Soti nan izin vin jwenn ou dirèkteman) ak "Buy from manufacturer" (Achte nan men fabrikan) sof si se ou menm k ap fabrike oswa pwodwi atik sa yo menm aktyèlman.
10. Li enposib pou nou ofri w garanti pou lavi. Ou kapab sèlman bay garanti ki kouvri kantite tan atik/sèvis lan kapab fè a nòmalman. Nan ka kote ki gen materyèl ak pwoblèm fabrikasyon, ou pa kapab bay garanti aprè peryòd tan kote defo a kapab parèt.

IV. Konesans Jeneral Sektè a ak Mache yo

Kiyès ki dwe gen pèmi yo?

Sa se responsabilite ak obligasyon kontratè prensipal lan pou li gen tout pèmi, lisans, Sètifika Konfòmite oswa Dispans ki nesèsè yo oswa dispans dapre lwa konstriksyon eta a ak rejyonal yo. Yon kontraktè pa kapab pase responsabilite sa bay konsomatè a.

Kikote yon kontraktè dwe ale pou li jwenn yon pèmi pou ajoute oswa modifye yon kay?

Yon kontratè ap jwenn tout pèmi nesèsè yo nan Depatman pou Batiman yo nan Vil New York (Department of Buildings, DOB) Vil New York. Yon kontraktè dwe rasire li tout sa l ap ajoute oswa modifye reponn ak nòm kòd konstriksyon yo epi ki pa vyole lwa minisipal zòn lan. Pou finii, byenke yon kontraktè kapab pran pèmi yo nan DOB, yon achitèk kalifye oswa sètifye kapab depoze modifikasyon ki gen plan konstriksyon an nan DOB.

Ki diferans ki genyen ant yon kontraktè dezyèm nivo ansanm ak yon anplwaye?

Yon kontraktè dezyèm nivo se yon moun k ap travay pou tèt li oswa yon konpayi ki bay moun sèvis li epi ki angaje tèt li pou travay ak yon kontraktè prensipal pou fè yon pati nan yon kontra renovasyon kay. Yon anplwaye ap travay pou yon salè epi li sou sipèvizyon oswa kontwòl dirèk patwon an (prensipal oswa kontratè dezyèm nivo a).

Kisa rezilta final yon travay vle di?

Rezilta final se benefis final nenpòt travay aprè tout depans fin fèt.

Èske yon kontraktè dezyèm nivo oblije gen lisans DCWP?

Wi. Yon kontraktè dezyèm nivo, kontrèman ak yon anplwaye yon kontraktè prensipal, dwe genyen yon lisans DCWP pou li kapab fè travay renovasyon kay yo nan Vil New York.

DOB bay elektrisyen ak plonbye yo lisans.

Ki obligasyon ou genyen pa rapò ak anplwaye yo?

Ou dwe bay anplwaye yo asirans kont Aksidan Travay ak andikap.

Ou dwe deklare salè anplwaye a nan Sèvis Kontribisyon (Internal Revenue Service, IRS), epi w dwe kenbe taks yo.

Anplis, ou dwe respekte lwa imigrasyon federal yo, ki mande patwon yo pou rasire yo anplwaye yo gen otorizasyon pou travay nan peyi Etazini.

Èske yon kontraktè kapab chwazi pou li gen yon garanti oswa patisipe nan Fon Fidisi Renovasyon Kay DCWP an?

Wi. Yon kontraktè kapab ni chwazi gen yon garanti oswa kontribye nan Fon Fidisi Renovasyon Kay DCWP an chak de (2) lane.

Kisa mwen bezwen pou mwen pentire yon kay ki gen plis pase yon (1) etaj?

Ou kapab gen bezwen yon echafo ki enstale epi pèmi travay DOB bay pou pentire deyò yon kay ki gen youn (1) oswa de (2) etaj, sof si w ap itilize yon echèl pou fè travay lan. Ou dwe kontakte DOB pou w kapab jwenn plis enfòmasyon avan menm ou kòmanse travay sa a.

Kiyès ki gen responsabilite pou gen yon Sètifika Konstriksyon modifye?

Si yo bezwen yon Sètifika Konstriksyon ki obligatwa, se responsabilite kontratè a pou li jwenn li pou konsomatè a. Yon achitèk oswa enjenyè pwofesyonèl kalifye a dwe depoze Sètifika Konstriksyon modifye nan DOB.

Èske li nesèsè pou yon Antreprenè Modènizasyon Kay anboche yon elektrisyen kalifye pou li kapab fè kèk travay?

Ou dwe itilize yon elektrisyen kalifye pou enstale tout sa ki gen rapò ak limyè, chofaj, ak kouran, kèlkeswa vòltaj lan.

Ki fason pou yon kontratè jere taks sou vant yo?

Kontraktè yo dwe pran taks sou vant pou fè reparasyon nan men konsomatè a.

Ki kalite travay nou kapab konsidere antanke yon renovasyon ekipman?

Lè w ajoute yon saldeben nan yon kay sa se yon egzanzp renovasyon ekipman.

Reparasyon tankou reparasyon yon ankadreman fenèt oswa pentire yon salon yo pa kalite sa a antanke renovasyon ekipman.

Lè w ap fè yon lòt konstriksyon nan yon kay, ki premye bagay yon kontraktè ta dwe fè avan li kòmanse ak travay yo?

Premye bagay yon kontraktè ta dwe fè avan menm li kòmanse travay nan yon kay se ale konsilte yon achitèk oswa enjenyè kalifye--se pa DOB--pou detèmine si mèt kay lan kapab fè yon lòt konstriksyon epi toujou respekte lwa ki aplikab nan rejyon an.

Ki kote yon kontraktè dwe ale pou li jwenn yon pèmi pou li mete yon poubèl nan lari a?

Yon kontraktè ta dwe kontakte Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) pou li jwenn yon pèmi pou mete yon poubèl fatra.

Èske yon Antreprenè Modènizasyon Kay bezwen yon pèmi pou li fè travay sou twotwa a?

Wi. Pou travay sou twotwa a, w ap gen bezwen yon pèmi nan men DOT. Rele 311 oswa ale sou www.nyc.gov/dot.

Kisa yon kontraktè dwe fè pou li deplase oswa evakye fatra ki fèt pandan travay renovasyon kay lan?

Si ou planifye pote oswa transpòte fatra ki sòti nan fonksyonman konpayi ou an, ou dwe jwenn yon Enskripsyon Pou Transpò Premye Kategori nan men Komisyon Kontwòl Antrepriz yo nan New York City (Class One Self Hauler Registration in New York City Business Integrity Commission). Pou fè yon demann oswa jwenn plis enfòmasyon, Rele 311 oswa ale sou www.nyc.gov/bic.